NEW YORK STATE | Office for People With Developmental Disabilities

Rapò Anyèl 2025

Langaj Senp

Rapò Anyèl 2025 OPWDD

Langaj Senp

Sijè ki Nan Dokiman Sa a

Yon Mesaj Komisè Willow Baer	Paj 4
Plan Estratejik OPWDD	Paj 5
Done OPWDD	Paj 6
Depans OPWDD	Paj 7
Priyorite 1 Mizajou	Paj 8
Priyorite 2 Mizajou	Paj 10
Priyorite 3 Mizajou	Paj 12
Inite Defans ak Sipò Moun Parèy yo Bay nan OPWDD	Paj 14

Yon Mesaj Komisè Willow Baer

Chè Zanmi,

Ane sa a, nou te travay ansanm pou amelyore sèvis yo pou moun ki gen andikap devlòpmantal yo. Nan OPWDD, nou bay moun yo priyorite. Nou vle pou tout moun gen sa yo bezwen pou yo viv, travay, epi fè pati kominote yo.

Mwen fyè de sa nou akonpli, e mwen rekonesan pou tout moun ki te kontribye nan travay enpòtan sa a. Rapò sa a se yon mizajou sou tout travay OPWDD te fè an 2025 pou amelyore sistèm nou an.

Ane pase, nan OPWDD, nou te sipòte anplwaye yo nan ofri yo meyè fòmasyon, opòtinite pou jwenn pwomosyon, ak pi gwo salè. Nou te travay tou pou amelyore sistèm enfòmatik nou yo pou fasilite moun yo jwenn sipò yo bezwen an.

Nou te travay ak ajans yo pou garanti sèvis yo gen bon kalite epi yo an sekirite. Nou te analize pwogram nou yo, tankou Kowòdinasyon Swen ak Otonomi, pou detèmine sa ki fonksyone epi kijan nou ka amelyore pwogram sa yo. Nou te travay tou pou garanti moun ki bezwen sipò konplèks oswa k ap travèse yon kriz jwenn èd yo bezwen an.

Yon eleman enpòtan pou amelyore sistèm nou an se nan koute moun ki gen andikap devlòpmantal yo ak fanmi yo. Ane pase, anpil moun ak manm fanmi yo te ede nou ak travay sa a.

Nan ane 2026 la, n ap kontan kontinye travay ansanm pou bati yon sistèm ki ekitab, ki respektye, e ki akeyan pou tout moun. Mwen kontan kontinye travay sa a avèk nou tout.

Mèsi pou sipò ou ak enterè ou mete nan travay sa a.

Kòdyalman,

Willow Baer, Komisè OPWDD

Plan Estratejik OPWDD

Nan ane 2022, OPWDD te elabore yon nouvo Plan Estratejik pou senk ane.

Plan an dekri ki chanjman nou ta swete fè nan senk pwochen ane yo soti nan ane 2023 jiska ane 2027.

Plan an genyen priyorite, objektif, ak aktivite ki eksplike kisa OPWDD pral fè pou amelyore sistèm nan ak sèvis yo.

Ou kapab jwenn yon kopi Plan an sou sit entènèt OPWDD a nan www.opwdd.ny

Priyorite ak Objektif OPWDD

Priyorite 1: Premye priyorite OPWDD se konsènan anplwaye yo, teknoloji a epi travay avèk lòt moun.

- Ranfòse Mendèv la
- Mizajou zouti ak sistèm OPWDD yo
- Travay avèk Moun yo epi Piblik la

Priyorite 2: Dezyèm priyorite OPWDD se amelyore sèvis yo, senplifye règleman yo epi chèche nouvo fason pou sipòte moun yo.

- Amelyore Sipò ak Sèvis yo
- Senplifye Règleman ak Politik yo
- Chèche Nouvo Pwogram ak Sèvis

Priyorite 3: Twazyèm priyorite OPWDD se amelyore èd ki santre sou moun yo.

- Sipòte Timoun yo, Jèn yo ak Jèn Adilt yo
- Sèvi Moun ki Gen Bezwen ki Konplèks yo
- Atenn Divès Kominote

Done OPWDD

Nan ane 2024, OPWDD te sipòte plis pase 135,000 moun.

65% nan moun sa yo se te gason, epi 35% nan moun yo se te fanm.

OPWDD sipòte moun tout laj. 58% nan moun OPWDD te sipòte yo se te adilt ki gen laj ant 21 ak 64 ane. 35% nan moun yo se te timoun ki gen 20 ane oswa pi piti, epi 7% nan moun yo se te granmoun aje ki gen 65 ane oswa plis.

Laj Moun Nou Sèvi yo



Sèks Moun Nou Sèvi yo



OPWDD ede moun ki soti nan kilti diferan epi ki soti tout kote nan Eta Nouyòk.

Nan ane 2024, yo te idantifye pifò moun ki te jwenn èd nan men OPWDD se te Blan (65.5%). Dezyèm pi gwo gwoup la se te Nwa (19.3%), epi apre sa se te Azyatik (4.5%). OPWDD te sipòte tou (16.6%) moun ki te deklare yo se orijin Ispanik.

OPWDD ap kontinye travay pou aprann plis sou moun li sipòte yo. Nou pral kòmanse kolekte enfòmasyon sou idantite seksyèl ak sèks pou nou ka pataje plis detay sou moun nou sipòte yo alavni.

$ Depans OPWDD

OPWDD se yon ajans nan Eta Nouyòk ki ede moun ki gen andikap devlòpmantal jwenn sèvis ak sipò yo bezwen. Se lòt ajans nan eta a ki bay pifò sèvis yo, men gen kèk sèvis OPWDD bay dirèkteman.

Se fon federal Medicaid ak fon Eta Nouyòk ki peye sèvis OPWDD yo.

Nan ane 2024, OPWDD te depanse anviwon 10 milya dola nan fon Medicaid yo pou peye pou sèvis yo. Sa egal a anviwon 76,000 dola pou chak moun pou yon ane sipò.

Nan ane 2024, OPWDD te depanse lajan nan:

- 517 milyon dola nan Kowòdinasyon Swen
- 5.9 milya dola nan Sèvis Rezidansyèl Sètifye
- 823 milyon dola nan pwogram Devlopman Kominotè
- 1.8 milya dola pou Pwogram Lajounen ak Sipò pou Travay
- 372 milyon dola nan Swen Repi
- 509 milyon dola pou Lòt Sipò ak Sèvis



Priyorite 1 Mizajou

Ranfòse Mendèv, Teknoloji ak Kolaborayon Nou

OPWDD te kontinye kontribye nan rekrite plis anplwaye pou sipòte moun ki gen andikap yo

- Pandan de dènye ane yo, OPWDD ansanm ak lòt founisè sèvis yo t ap itilize yon kanpay ki rele More Than Work pou ede anboche plis DSP.
- Plis pase 1.6 milyon moun te vizite sit entènèt la, epi plis pase 96,000 moun te konsilte sit entènèt founisè yo pou aprann plis enfòmasyon sou djòb lokal yo.

Anplwaye yo te resevwa fòmasyon gratis pou aprann nouvo konpetans pou sipòte moun ki gen andikap yo pi byen

- 1,300 etidyan te patisipe nan fòmasyon mikwo-sètifikasyon DSP nan 21 kanpis SUNY diferan atravè Eta Nouyòk.
- Yo te fòme anplwaye yo sou diferan sijè tankou swen ki pran an kont chòk, konpetans kiltirèl, planifikasyon ki santre sou moun nan, ak konpetans pou sipèvizè ki nan premye liy.

OPWDD itilize teknoloji a pou pèmèt moun yo jwenn sèvis yon fason pi rapid epi pi fasil

- OPWDD te travay ansanm ak Depatman Sante pou jwenn finansman federal pou amelyore teknoloji ak sistèm enfòmatik nou yo.

Plis pase 1.6 milyon
moun te vizite sit entènèt #MoreThanWork la

4 milya dola
yo te bay founisè ak anplwaye yo depi 2022

3,000 DSP
te aprann nouvo konpetans epi yo te jwenn yon badj elektwonik

Travay Ansanm pou Amelyore OPWDD

OPWDD travay avèk anpil moun, fanmi, ak founisè sèvis pou amelyore sistèm nou an. Nou rankontre moun nan tout Eta Nouyòk pou koute dezi yo ak priyorite yo alavni.

OPWDD te òganize rankont an pèsòn nan:

- Chit Niagara
- Syracuse
- Hyde Park
- Long Island
- Brooklyn

OPWDD te òganize 5 rankont sou entènèt tou.

ELEMAN KLE

OPWDD te òganize senk fowòm an pèsòn nan ane 2025 la

OPWDD te òganize senk fowòm sou entènèt nan ane 2025 la

Plis pase 150 moun te pataje kòmantè yo bay OPWDD nan fowòm yo

OPWDD te òganize evènman pou moun k ap defann tèt yo epi pou moun ki pale lòt lang ki pa Anglè

Sijè prensipal yo se te: Otonomi, Aksè a Sèvis yo, Lojman, Anplwaye, Kolaborasyon ak OPWDD, ak Vyeyisman

Anpil moun te di yo vle ede OPWDD fè chanjman

Priyorite 2 Mizajou

Transfòme Sistèm Nou an gras ak Inovasyon ak Chanjman

OPWDD te konekte moun ki vle benefisye djòb ak pwogram ak fòmasyon pou ede yo atenn priyorite yo

- Prèske 400 moun te fin swiv fòmasyon pwofesyonèl espesifik.

OPWDD ap travay ansanm ak moun yo, fanmi yo, ak founisè sèvis yo pou amelyore sèvis lojman yo

- OPWDD ap kontinye devlope teknoloji pou fasilite koneksyon moun ak lojman ki pi byen adapte ak bezwen yo.
- OPWDD te fè efò pou rann pwogram tankou Teknoloji Asistans, Amenajman Anviwònman ak Veyikil vin pi fasil pou itilize, epi pou jwenn aksè ak yo.
- Sèvis OPWDD Jere nan Eta a bay lojman pou moun ki gen bezwen ki pi konplèks yo.

OPWDD ap travay sou plizyè pwojè diferan pou amelyore kalite sèvis yo

- OPWDD ap travay ak doktè, enfimyè ak dantis pou bay moun ki gen andikap yo pi bon swen sante ak swen dantè.
- Yo te kreye nouvo règleman yo pou Priz Desizyon yo Sipòte pou ede moun yo konprann dwa yo epi jwenn sipò yo bezwen.
- Anplwaye OPWDD yo te bay yon fòmasyon sou pwosesis ak zouti Sistèm Evalyasyon Kowòdone ak moun, fanmi, ak founisè sèvis yo atravè tout Eta Nouyòk.

Plis pase 25 milyon dola pou Klinik Rejyonal pou Moun Andikape yo nan bidjè 2024 la

Plis pase 9,800 Revizyon Sit grasa OPWDD

Plis pase 1,200 Moun te resevwa fòmasyon sou CAS

Travay ak Moun ak Fanmi pou Amelyore Pwogram yo

OPWDD ap travay ansanm ak moun k ap defann tèt yo, fanmi ak founisè sèvis yo pou amelyore Otonomi ak Kowòdinasyon Swen yo.

Nan ane 2024, OPWDD te kòmanse yon pwojè pou egzamine sa ki fonksyone epi sa ki ka amelyore nan tou de pwogram yo.

Yo te revize kòmantè sa yo epi yo te sèvi avèk yo pou elabore yon plan sou fason pou amelyore Otonomi ak Kowòdinasyon Swen.

Ou ka jwenn yon kopi rapò sou Otonomi ak Kowòdinasyon Swen sou sit entènèt OPWDD a.

Evalyasyon CCO	Evalyasyon Otonomi
Plis pase 3,000 moun, founisè ak Jesyonè Swen te patisipe	**Plis pase 9,000** moun, fanmi ak founisè te patisipe
Plis pase 67 Rekòmandasyon te kreye	**8** Rekòmandasyon te kreye
Objektif	**Objektif**
Senplifye règleman yo, fòme Jesyonè Swen yo pi byen, epi sipòte yo pou yo rete nan djòb yo	Fasilite aksè a otonomi, amelyore kalite sèvis FI yo, epi fè règleman yo pi klè ak pi fasil pou konprann yo

Priyorite 3 Mizajou

Ogmante Bay plis Sipò ak Sèvis Nou yo ki Santre sou Moun

OPWDD te fè efò pou garanti tout moun nan Eta Nouyòk gen menm aksè ak èd ak sipò

- Anplwaye OPWDD yo te resevwa fòmasyon sou kijan pou yo ekri nan yon Langaj Senp, epi pou yo garanti dokiman ak fòmilè yo disponib nan plizyè lang diferan.
- Anplwaye OPWDD yo te resevwa fòmasyon tou sou fason pou ede moun ki soti nan diferan kilti, ansanm ak moun ki pale lòt lang ki pa Anglè.

OPWDD te fòme moun ki gen andikap ak fanmi yo, ki soti nan diferan orijin ak kilti, sou kijan pou yo defann tèt yo

- Yon nouvo Akademi Lidèchip te pèmèt moun yo aprann kijan pou defann tèt yo ak kominote yo.
- Gwoup la te reyini sou entènèt ak an pèsòn pou diskite sou fason pou amelyore sistèm nan pou tout moun.

OPWDD te jwenn nouvo kominote pou travay avèk yo

- OPWDD te konekte ak de nasyon, Onondaga ak Kanien-keha:ka (Tribi Mohawk St. Regis), pou pataje enfòmasyon ak lide.

Plis pase 2,600
dokiman yo te tradui nan plis pase 60 lang

Plis pase 4,000
moun te jwenn èd grasa sèvis aksè ak lang yo

Plis pase 80
moun te rantre nan yon Akademi Lidèchip

Sipòte Moun ki Gen Bezwen ki Konplèks yo

Gen kèk moun OPWDD ap sipòte ki bezwen plis sèvis pase sa OPWDD ka bay li menm sèl.

Pou ede moun ki bezwen plis sèvis, OPWDD travay ansanm ak lòt ajans eta ak lokal pou konekte yo ak diferan kalite sipò. Men kèk egzanp sou travay sa yo:

- 11 pwogram ijans ak sipò an kolaborasyon ak Biwo Sante Mantal (Office of Mental Health) pou moun ki nan kriz.
- De lopital espesyalize ki sipòte moun ki gen bezwen medikal konplèks.
- Yon inite espesyalize nan lopital ki nan Syracuse la pou jèn moun ki gen konpòtman difisil.
- Anplwaye OPWDD yo ede founisè yo jere pwoblèm konplèks pou plis pase 40 moun ki nan kriz.

OPWDD ede anpil moun ki gen bezwen konplèks oswa ki bezwen èd ijans.

Nouvo Fwaye Transisyon Konplè pou Adilt (Comprehensive Adult Transitional Homes, CATH) ede moun ki ap deplase soti nan yon kalite anviwònman pou ale nan yon lòt.

OPWDD gen 9 pwogram CATH atravè Eta Nouyòk

OPWDD ap ajoute 3 pwogram CATH anplis nan ane 2026-2027

Gen pwogram CATH nan 5 pami 6 Rejyon Operasyonèl Eta yo

Moun ki nan pwogram CATH yo rete an mwayèn pandan 14 mwa

Moun ki fin gradye nan CATH yo reyisi e yo bezwen mwens sipò lè yo pare pou yo kite

Pwogram CATH yo bay moun yo espas pou aprann konpetans epi pou yo fè pati kominote a

Inite Defans ak Sipò Moun Parèy yo Bay nan OPWDD

Kilès Nou Ye

Inite Defans ak Sipò Moun Parèy yo Bay gen ladan Espesyalis Moun Parèy yo k ap Ede ak Defansè Moun ak Fanmi.

Defansè sa yo gen eksperyans pèsonèl yo viv epi yo sèvi ak eksperyans sa yo pou sipòte moun, amelyore sèvis OPWDD yo, epi pèmèt OPWDD kominike pi byen ak piblik la pou rann ajans la vin pi aksesib ak ekitab.

Defansè sa yo sipòte moun nan tout Eta Nouyòk.

Kisa Nou Fè

Defann, Edike, ak **Amelyore.**

Defansè OPWDD yo pataje enfòmasyon, ede moun yo jwenn sèvis, epi ede yo vin pi fò nan defann tèt yo. Yo menm tou, yo fòme moun ak gwoup sou travay yo ak sou ajans lan.

Nan ane 2024-2025:

- **Plis pase 30** Evènman Piblik
- **Plis pase 45** Fòmasyon Anplwaye
- **Plis pase 50** Ka Moun Parèy yo Sipòte
- **Plis pase 15** Manm Komite

Kijan pou Konekte

Moun yo ka kontakte Inite Defans ak Sipò Moun Parèy yo Bay pou poze kesyon, aprann plis, oswa mande sipò.

Imèl: advocacy@opwdd.ny.gov

Resous

- Pòdkas Accessing Life
- Sit Entènèt sou Defans Tèt Ou

Office for People With Developmental Disabilities

Dwa Dotè © Biwo Eta Nouyòk pou Moun ki gen Andikap Devlopmantal

2025

44 Holland Avenue, Albany, NY 12229

(866) 946-9733

info@opwdd.ny.gov

www.opwdd.ny.gov

26 desanm 2025